

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prosés diajar mangrupa salasihiji kagiatan anu kawilang penting dina pangajaran basa Sunda, sabab ngaliwatan prosés diajar siswa bisa ngarobah pangaweruhna jadi leuwih hadé, nalika pangaweruhna ngaronjat, kaparigelanna ogé jadi ngaronjat. Prosés diajar dipangaruhan ku komponén-komponén diajar-ngajar. Komponén ieu dina hakékatna mah mangrupa pangaruh, bimbingan ogé arahan ti hiji jalma anu geus karasa bebeneranna.

Pangajaran mangrupa salasihiji tarékah anu dilakukeun ku guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh diri. Pikeun ngaronjatkeun kamampuh dina diajar basa Sunda, siswa kudu ngawasa kana kaparigelan basa Sunda. Kaparigelan basa Sunda diwangun ku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita maca jeung nulis. Nurutkeun Haerudin & Suherman (2013a), saurang jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita.

Nyarita mangrupa bagéan tina salasihiji kamampuh jalma, nyarita ogé bisa disebut caritaan atau komunikasi nu dilakukeun ku éta jalma. Saluyu jeung kamandang Haerudin & Suherman (2013b), nétélakeun yén umur nyarita saumur jeung ayana jalma, kitu ogé ayana basa jeung caritaan sabanding jeung ayana kagiatan komunikasi nu dilakukeun ku éta jalma.

Kamampuh nyarita nyaéta salasihiji kaparigelan anu kudu dipiboga ku unggal jalma. Kaparigelan nyarita ieu bisa mangaruhan diri pikeun hirup kumbuh di masarakat. Kamampuh dina nyarita kudu bisa ngedalkeun éksprési, pikiran jeung gagasan katut artikulasi anu jelas.

Dina Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal, ditétélakeun rumusan Kompetensi Inti 3.6 jeung Kompetensi Dasar 4.6. Dumasar Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar, indikator anu dihontal nyaéta, siswa dipiharep maham jeung ngaidéntifikasi téks girang acara, ogé mampuh mandu acara kalayan merhatikeun fungsi sosial, struktur, jeung aspék kabasaan anu luyu jeung *konteks* (Jabar, 2017).

Dina matéri pangajaran girang acara miboga aspék-aspék anu ngandung kaparigelan nyarita, hususna dina widang mandu acara. Pangajaran girang acara ieu miboga tujuan sangkan siswa anu diajar bisa ngawasa kaparigelan nyarita.

Salaku siswa, tangtuna miboga sawatara bangbaluh dina pangajaran hususna dina pangajaran girang acara, bangbaluh anu utama nyaéta kaparigelan dina nyarita. Siswa anu wawasan tur kaparigelan nyarita basa Sundana heureut tangtu bakal hésé ngébréhkeun naon anu hayang dikedalkeun. Saluyu jeung pamadegan Yuliani (2016) nétélakeun yén salah sahiji masalahna nyaéta siswa kurang maham basa Sunda, ku sabab jarang dipaké dina kahirupan sapopoé. Hal ieu ngabalukarkeun siswa hésé maham matéri anu ditepikeun ku guru.

Guru salaku fasilitator tangtu kudu bisa ngungkulan éta masalah, geus sakuduna guru néang bongbolong pikeun masalah anu karandapan ku siswa. Salasahiji tarékah anu bisa dilakukeun ku guru nyaéta ngagunakeun modél pangajaran. Wahab (dina Yuliani, 2016) nétélakeun yén modél pangajaran mangrupa hiji rarancang pangajaran nu ngagambarkeun prosés diajar nu miharep kahontalna parobahan. Prosés diajar ieu miharep siswa bisa nyangkem matéri ogé ngaronjatkeun kamampuh dina matéri pangajaran girang acara anu dilarapkeun ngagunakeun modél pangajaran *Jigsaw*. Guru dipiharep bisa nepikeun matéri anu komunikatif, kréatif, inovatif jeung aktif sangkan ngirut minat siswa dina diajar. Sabab prosés diajar moal bisa lumangsung nalika guru teu bisa nepikeun bahan ajar kalawan jentré jeung ngirut. Ieu hal luyu jeung anu geus dipedar dina Rusman (2018), nétélakeun yén kamampuh guru salaku bagéan tina masarakat téh nyaéta bisa komunikasi sarta gaul sacara éféktif nalika nyanghareupan peserta didik, sasama pendidik, tanaga kapendidikan, orang tua peserta didik, wali peserta didik, tur masarakat di sabudeureun. Hartina ieu nunjukeun kamampuh komunikasi sosial, boh jeung murid-murid boh jeung sasama guru, ogé masarakat di sabudeureun.

Ku kituna, ieu panalungtikan ngalarapkeun modél pangajaran “*Jigsaw*” nu dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung hasil diajar siswa dina kaparigelan nyarita hususna dina matéri pangajaran girang acara. Dipilihna ieu modél ogé dipiharep bisa ngungkulan pasualan anu karandapan guru jeung siswa.

Modél *Jigsaw* ieu mimiti dimekarkeun ku Elliot Aronson ti Universitas Texas taun 1997 nu satuluyna diadaptasi ku Slavin. Modél *Jigsaw* nyaéta téhnik pangajaran kooperatif, dimana siswa miboga tanggung jawab nu leuwih gedé dina ngalaksanakeun pangajaran. Tujuan tina modél ieu nyaéta mekarkeun gawé bareng tim, kaparigelan diajar kooperatif, sarta ngawasa pangajaran kalawan teleb nu teu

bisa dimeunangkeun nalika siswa teu nyobaan pikeun neleban sakabéh matéri. Rusman (2018) nétélakeun yén *Jigsaw* téh nyaéta modél diajar dimana siswa ngalakukeun hiji kagiatan diajar kucara gawé bareng jeung siswa séjén pikeun ngahontal tujuan babarengan.

Nurutkeun Majid (dina Thabroni, 2021) modél *Jigsaw* téh bisa méré kesempatan ka siswa pikeun gawé bareng jeung siswa séjén ogé unggal siswa miboga kesempatan pikeun jadi ahli di kelompokna. Tapi modél *Jigsaw* ieu bisa teu cocok nalika dilarapkeun ka siswa nu teu miboga rasa kapercayaan diri dina diskusi. Lian ti éta siswa anu ngadominasi dina diskusi bakal leuwih ngawasa jalanna diskusi, siswa ogé bakal hésé narima pamadegan ti siswa séjén ngeunaan hiji konsep nu didiskusikeun. Hal ieu luyu jeung pamadegan ti Hamdayama (dina Thabroni, 2021) nétélakeun yén siswa nu aktif bakal ngadominasi dina diskusi ogé anu baris jadi tim ahli bisa waé teu luyu jeung kamampuh tur kompeténsi nu kudu dipipahamna.

Panalungtikan nu geus aya ngeunaan modél *Jigsaw* di antarana panalungtikan nu dilaksanakeun ku Pusparini dina taun 2014, judul panalungtikanna “*Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe Jigsaw untuk Meningkatkan Kemampuan Berbicara pada Mata Pelajaran Bahasa Indonesia kelas V-B SDN 1 Cibodas*”. Hasil dina éta panalungtikan téh ngabuktikeun yén modél pangajaran *Jigsaw* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa dina pangajaran basa Indonesia.

Salian ti éta, aya deui panalungtikan séjénna nyaéta panalungtikan anu dilaksanakeun ku Wedana taun 2017, anu judulna “*Implementasi Metode Pembelajaran Kooperatif Tipe Jigsaw untuk Meningkatkan Kemampuan Berbicara Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 2 Banjar*”. Kitu deui, hasil panalungtikanna ngabuktikeun yén modél *Jigsaw* bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa kelas VIII-6 SMP Negeri 2 Banjar. Sedengkeun panalungtikan ngeunaan modél *Jigsaw* anu dilarapkeun dina pangajaran girang acara can kungsi dilaksanakeun.

Anu ngabédakeun panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan nyaéta dina matéri pangajaran anu dipilih nyaéta ngeunaan pangajaran girang acara anu merlukeun ayana kamampuh dina nyarita.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan hayang ngabuktikeun yén ngaliwatan modél pangajaran *Jigsaw* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa tur ngaronjatkeun minat siswa kana pangajaran nyarita hususna dina matéri pangajaran girang acara nu mangrupa bahan ajar nu bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita.

Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan anu judulna Modél Pangajaran *Jigsaw* dina Pangajaran Girang Acara (Studi Kuasi Ékspérimen ka Siswa kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi) perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Tina kasang tukang anu dipedar di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- a. kamampuh siswa dina kamampuh nyarita masih héngkér;
- b. modél pangajaran kana matéri girang acara kurang variatif;
- c. kudu ayana modél pangajaran anu matak ngirut siswa kana pangajaran girang acara tur bisa ngaronjatkeun kamampuh nyarita.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa dina matéri pangajaran girang acara saméméh ngagunakeun modél *Jigsaw*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa dina matéri pangajaran girang acara sabada ngagunakeun modél *Jigsaw*?
- 3) Naha aya béda nu signifikan dina kamampuh siswa dina matéri pangajaran girang acara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Jigsaw*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta nguji Modél Pangajaran *Jigsaw* dina matéri pangajaran girang acara.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nyarita siswa dina matéri pangajaran girang acara saméméh ngagunakeun modél *Jigsaw*.
- 2) kamampuh nyarita siswa dina matéri girang acara sabada ngagunakeun modél *Jigsaw*.
- 3) béda anu signifikan kamampuh siswa dina matéri pangajaran girang acara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Jigsaw*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeul tataran tioritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi ogé pangdeudeul hususna ngeunaan modél pangajaran pikeun nepikeun bahan ajar sangkan tujuan pangajaran kahontal.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Hususna guru basa Sunda dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina milih modél pangajaran sangkan luyu jeung bahan ajar pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Pikeun siswa bisa mikanyaho mangpaat nyarita sarta aturan-aturan anu aya di jerona, lian ti éta, pikeun nu nalungtik sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, bisa mikawanoh modél pangajaran sarta bahan ajar anu luyu.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Dina ieu bab, dipedar ngeunaan modél pangajaran, kamampuh nyarita, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab, ngaguar désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab, dijéntrékeun ngeunaan modél *Jigsaw* dina pangajaran girang acara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A SMP PGRI 4 Cimahi)

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab, eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.